

Kominyon
Cre63-0707e
Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

Mèsi, Frè Orman. Nou kontan aswè a pou n isit la ap tande mesaj mèveye sa a ki soti—ki soti nan bouch frè nou, ke nou kwè ki wenn ak Sentespri a pou bannou gwo kokenn chenn, egzòtasyon sa yo, jan sa te di a: fason nou dwe viv jounen jodi sa a nan sentete devan Bondye e devan youn lòt.

2 Nou—nou—nou vle sèlman sentete pami nou pou pa tande okenn kominikasyon souye ditou pami nou pandan n ap egzèse gwo apèl Bondye sa a. Nou dwe mache diy de bagay sa a ke Bondye te pote pou nou an. E nou rive anba a nèt nan fen vwayaj la kounye a, kote nou espere an abondans pi plis ke tout sa nou ka fè oubyen panse.

3 E sonje, nou vle kontinyèlman rete nan lapriyè. Epi anvan tout bagay, siveye vi nou: si vi nou pa alawotè sentete pa Bondye, alò retounen e rekòmanse priye ankò; gen yon bagay ki pa va. Ou wè? Nou oblije viv nan eta sa pou fwi Lespri yo ka manifeste atravè nou. Se konsa nou vle viv.

4 Ou konnen, pafwa nou tande gwo predikatè ki ka preche avèk pwisans, men nou ta preferè wè yon mesaj k ap viv pito pou n tande youn k ap preche, ou wè, wi, paske sa se prèv ke Bondye anndan la.

5 Kounye a, nou gen...n ap vin sou tab kominyon an. E la, poutan, genyen ki pap pran Kominyon, petèt yo fèk sot pran l nan pwòp legliz yo, men nou t ap kontan aswè a si w te ka, si w ta vle, fratènize avèk nou nan bagay sila yo. Nou pa t janm trase liy pou pyès moun, sèlman osi lontan w ap mache diy parapò a—a Levanjil ke w ap—w ap tande a, pou ap konfese ke ou fè pati de li.

6 Ou konnen ke w fè pati de Levanjil sa a. Ou se—ou se lèt yo ekri konsènan sa n ap pale a. Osi lontan ke nou fè yon bagay ki pote repwòch, alò nou gen yon dèt pou sa n ap tande a. Ou wè? Nou dwe viv sa nou kwè a, epi viv li yon tèl fason ke sa pap janm pote repwòch, men pou ap reflekte Jezikri nan tout bagay ke n ap fè ou ke n ap di. Se fason sa li ye. Nou senpleman renmen L pou sa.

7 E la, aswè a, nou pral li lòd pou tab Seyè a ke w jwenn nan 2 Korentyen, apeprè vèsè 11 lan. E n ap li sa epi jis kite chak endividi...fason nou fè sa, si gen nouvo pami nou, nou rele moun yo toutotou lotèl la an—annòd youn apre lòt pou yo vini, pran Kominyon an. E tout Kreyen diy.

8 Kounye a, si w ap viv yon vi ki pwouve sa w ye...Ou vle sonde kè w. Paske, kite m asire m ke mwen mansyone sa a, ke Ekriti sa nou li la, "*Si nou pran l yon fason endiy.*" Bon, nou konsyan ke nou pa diy pou tèt pa nou; okenn nan nou. Nou pa fè konfyans a pwòp diyite pa nou, nou met konfyans nou nan Limenm Ki gen...Nou—nou met konfyans nou nan diyite pa L, nou mouri parapò a pwòp panse nou, e nou jis adopte panse pa L, e n ap viv pou tout sa nou kwè ke Li òdone nou, epi nou vire gade dèyè pou konsidere sa n ap viv, epi egzamine vi nou, pou wè si n ap fè dè bagay ki pa diy de Levanjil la, lè sa nou pa dwe pran Kominyon an.

9 Men si n ap fè dè bagay ke nou panse ke sa...ke tout moun ka li vi nou, ke si pèsonn paka lonje dwèt pou di, "Mwen te wè nonm sa a nan yon ba lòt jou," Mwen—Mwen te tande nonm sa leve ap bay blag sal," "fanm sa a ap fè sa k pa sa," lè sa, si w konnen ke se Sentespri a k ap avèti w, alò pa pran Kominyon an. Men si w—si w santi ke—ke w ap viv, ke w ka gade dèyè pou wè ke tout peche w yo te konfese epi anba San an, alò ou—ou sipoze pran l. Ou—ou se—ou se yon pati de sa.

10 Kounye a, annou li Ekriti a jis jan Sen Pòl egzòte nou la nan Liv Sen Jan an, ekskize m, nan Liv 1 Korentyen, chapit 11 lan—lan, kòmanse ak vèsè 23;

²³ *Paske, men sa Seyè a te fè m' konnen, se sa menm mwen te moutre nou tou: Jou lannwit yo te trayi l' la, Seyè Jezi te pran pen,*

M swete m te gen tan pou—pou pale sou sa on tikras.

...Jou lannwit yo te trayi l' la (Ou wè?), Seyè Jezi te pran pen,

²⁴ *lè li fin di Bondye mèsi li kase l', epi li di: Sa a se kò m', se pou nou li ye. Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen.*

²⁵ *Konsa tou, apre yo fin manje, li pran gode diven an, li di yo: Gode sa a se nouvo kontra Bondye fè avè nou nan san mwen. Se pou nou fè sa chak fwa n'ap bwè ladan l' pou nou ka chonje mwen.*

²⁶ *Se konsa, chak fwa ou 'ap manje pen sa a, chak fwa ou 'ap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la n'ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l' vini an.*

²⁷ *Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a, osinon li bwè nan gode Seyè a yon jan ki pa konvenab, moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni kont san li an.*

²⁸ *Se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan. Se konsa y'a mèt manje pen sa a, y'a mèt bwè nan gode sa a.*

²⁹ *Si yon moun manje pen sa a, si l' bwè nan gode sa a san li pa rekonèt rapò pen an ansanm ak diven an gen avèk kò Seyè a, se rale l'ap rale yon jijman sou tèt li lè l'ap manje pen an ak lè l'ap bwè nan gode a.*

³⁰ *Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k'ap souffri feblès, san konte sa ki mouri deja.*

³¹ *Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan, nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a.*

³² *Men, Seyè a jije nou, li peni nou konsa pou li sa pa kondannen nou ansanm ak moun ki nan lemonn yo.*

11 Èske m ka mennen yon pwèn sou sa: kan Pawòl la jije nou, sa se Kris, nou resevwa chatiman nou. Si n ap aji mal, nou pap viv alawotè Pawòl sa a, nou resevwa chatiman Seyè a. E kan Seyè a chatye nou, ki vle di “korije” nou, se pou nou pa kondane avèk monn lan.

12 Nou pa fè pati de monn lan. Nou diferan de monn lan, ap viv yon vi diferan, yon vi separe. Nou pa dwe janm viv vi monn lan epi rete yon Kreyen. Nou dwe viv yon—yon vi ekstraòdinè, yon vi diferan. Se pa, m pa vle di, nan tèt ran sosyal, men m vle di nou dwe viv yon vi de sentete otantik pou yo ka wè fwi Lespri yo lan nou: dousè; ak jantiyès; ak pasyans; andirans; lafwa: fwi Lespri a.

13 Men kan n ap tandè bagay sa yo, lè sa nou konnen ke Seyè a ap chatye nou, pou nou pa fè yo, lè sa nou kondane. E si nou pa gen okenn kondanasyon nan nou, ke n ap viv pi wo bagay sa yo, ak gras Bondye, alò monn lan pap kondane nou, men n ap viv anlè tèt bagay monn lan. Ou wè?

³³ *Se sak fè, frè m' yo, lè nou reyini ansanm pou manje manje Seyè a, se pou yonn tann lòt.*

³⁴ *Si yon moun grangou, se pou l' manje lakay li, pou l' pa rale jijman Bondye sou nou lè nou reyini. Pou lòt keksyon yo, m'a regle sa lè m'a rive lakay nou.*

14 Nou toujou pote gwo egzòstasyon sou sa, ke lè nou reyini ansanm, menm si nou pa jwenn anyen, ka gen yon bagay nan yon lòt moun ke nou remake ki pa kòrèk. Kan nou vin ansanm pou pran Kominyon sa a, ret tann youn lòt, priye youn pou lòt. Priye ke...Nou toujou fè remak sa a: M ap priye pou ou de fason si w, si ta gen peche nan ou, kèk zèv ki pa kòrèk oswa yon bagay ou te fè antan ke kwayan, m—m priye pou Bondye fè l sòti nan ou, pou L padone w pou sa. Epi oumenm priye pou mwen pou si ta gen yon—yon bagay m te fè, ke m te jis inyore, si m te fè l, pou—pou m te konnen ke se fo, m t ap, m ap konfese kounye a menm. Mwen prè, paske sila ki manje ak bwè yon fason ki pa diy, li manje epi bwè yon kondanasyon pou limenm, poutèt li pat disène kò Seyè a.

15 Disèman pou konnen ke ou se kò Seyè a, ou paka kisène l de—de mechanste ak peche; nou dwe pi wo bagay sa yo. Ke nou disène ke Seyè a jis, e nou disène ke Li se

Ekspyasyon nou; ke tout peche nou yo nou te konfese yo, epi nou kwè nan Li nan atant pou ekspyasyon Li netwaye nou de tout inikite nou; lè sa n ap disène kò Seyè a pou sa li ye, disène poukisa l la.

16 Epi disène ankò apres, ke nan mitan nou, antan ke kò Lepouz Kris la, annou disène si gen yon bagay ki pa kòrèk avèk nou la ki ka anpeche Levanjil la grandi, oswa anpeche Seyè a prezante nou devan Bondye kòm yon vyèj pi. Annou disène sa kounye a menm pou dekouvri si se fo. Annou konfese l si l fo. Ann—ann di, “Seyè, mwen dezole pou sa.”

17 Kidonk, ka petèt gen yon bagay nou te fè, ou te fè, yon bagay m te fè. Sa kapab pat fèt konsyaman, kounye a menm, annou mande Bondye pou padone nou pou sa. Nou konn abitye chante yon kantik isit la:

Padone peche yo—yo ke m te konfese ba Ou;

Padone peche an sekre...?...ou wè;

Ke pèsonn pa menm konnen, peche ki pa devwale, nou—nou—nou priye, “Bondye, padone yo.”

18 Kounye a, sa te di, “Kan nou reyini ansanm, ret tann youn lòt,” an reyalyte sa ta dwe di konsa: pran pasyans youn avèk lòt. *Pran pasyans* vle di “Tann,” ret tann youn lòt. Annou fè sa kounye a. M ap priye pou ou. Si w konnen yon bagay ke w te fè ki pa kòrèk, di, “Bondye, padone m, m pat fè eksprè, e si W ede m apati de aswè a, mwen pap fè l ankò. Mwen—Mwen trè serye, Seyè, ‘mwen pap fè l ankò si W jis padone m. E sou baz konfesyon m ‘Mwen kwè Ou te padone m,’ M ap pran kò Kris la, pou ap santi nan kè m ke ou padone m pou tout peche m.” Alò m priye pou peche sekre w la, oumenm priye pou pa m lan, petèt ke se yon bagay nou pa konnen, pou nou pa vin kondane ansanm avèk monn lan.

19 Nou pa vle monn lan la. Ti ponyen moun sa a ke Bondye bannou pou adore isit la, nou vle kenbe tèt nou pwòp de egoyis, gade bagay nou an...peche nou...vi nou pwòp de tout bagay monn lan, pou nou pa asosye nou ak sa. Nou vle prè pou Anlèyman an.

Konsa annou priye kounye a, an silans, youn pou lòt, jis on moman. Priye pou mwen pandan m ap priye pou ou.

20 Seyè Jezi, pèmèt, Seyè, ke tout peche nou yo ka nan San Seyè Jezi a, nan koleksyon bagay Bondye bliye yo, pou nou ka vin ansanm kounye a antan ke kwayan byeneme ak timoun an Kris, paske nou mande l, lan Non Li. Amèn.

21 Kounye a, nan moman sa a pandan ke ansyen yo—yo, m kwè y ap avanse vin devan an. (Èske se toujou pwosedi sa, isit la?) Frè Tony Zabel, ap dirije sa. E si genyen ki oblije kite kounye a e ki paka rete pou Kominyon an, nou kontan genyen w aswè a. Sonje reyinyon mèkredi...reyinyon priyè mèkredi swa a. Ou ka fofile kite dousman pandan ke lòt rès yo ap vin sou lotèl la. E Frè Zabel, la, ap dirije moun yo—yo sou lotèl la pandan n ap prepare Kominyon an.

22 Sa a reprezante kò Seyè Jezi a, Pen an. E tankou kantik ki te fèk chante a, *Fwa Mwen Ap Gade Ou*. Gen sèlman twa òdonans ke Seyè a te bannou, se batèm, pran pen ak diven, epi lave pye, se sa òdonans yo. E sa a reprezante kò brize Kris la.

23 Priyè mwen sè ke chak moun k ap patisipe nan sa aswè a, ke, yo resevwa benediksyon Sentespri a pou l vin sou yo. E sa yo ki malad, ke Bondye nan Syèl la, Ki te inogire sa premye fwa anba nan peyi Lejip kan yo te pran zèb anmè yo—yo—yo ak diven, mwen gen konfyans ke Bondye va geri w, epi nan tout vwayaj ou pa pral gen okenn maladi pami nou. Ke Bondye nan Syèl la poze rega l sou nou kounye a, pandan n ap ofri l sa a.

24 Bondye Seyè, Kreyatè syèl ak tè a, Otè Lavi san Fen an, e Sila ki bay tout bon don an, nou remèsye W pou òdonans sa, ke nou ka fè sa an souvni de Oumenm pandan n ap fratèlize, jan sa te fèt la, nan Prezans Ou, toutotou kominyon gras Bondye a. Alò ke n ap panse anndan pwòp kè pa nou, ke yon jou nou pat diy, epi kounye a San Jezikri a te netwaye nou de peche sa, ke nou kanpe ansanm nan lye Selès yo nan Jezikri.

25 Pen kachè sa a, Papa, ki te kwit e ki te mennen isit la pou bi sa a, nou mande W pou sanktifye I, Seyè, ke nan reprezantasyon kò brize a...[Espas vid sou kasèt la—Editè a] pandan tout karaktè sakre ak doulè ak soufrans Li te akonpli sou Kalvè a lè kò sa te brize. Ke Li te blese pou dezobeyisans nou, Li te brize pou inikite nou. Chatiman ki bannou lapè a te tonbe sou Li, e se gras ak blesi Li yo ke nou te geri. Se poutèt sa n ap pran pen brize sa aswè a. Bondye beni kwayan yo epi sanktifye pen kachè sa—sa pou vin reprezantasyon kò Jezikri a. Amèn.

26 Bib la di, “Menm jan an Li te pran koup la, e apre L te fin soupe, Li te pran I, Li te di, pran I epi bwè I, sa a se koup Nouvèl Alyans; chak fwa ke n ap fè sa, n ap anonse lanmò Seyè a jiskaske L tounen.” Pandan m ap leve nan men m aswè a diven sa, ki fèt avèk—avèk lavi rezen ke yo te mete ansanm la pou reprezante San Jezikri a, pat janm te gen yon tan ankò, ke m te janm pran plato kominyon sa, si m pat gade la pou wè peche m yo te pati. Mwen konsyan ke si se pat sa, kisa—kisa...ebyen ki kote nou t ap ye?

27 M ap panse la kote yon nonm malad te etann la ap mouri, laba a lopital: sa se mwen. Se atravè blesi Li yo mwen te geri. Ke Bondye nan Syèl la beni diven sa a pou entansyon n ap itilize I la.

28 Seyè Jezi, nou prezante ba Ou ji rezen sa a, diven ke yo te pran apati de san rezen an ki reprezante San Jezikri. Ke, pandan n ap resevwa I, Papa, ke maladi kite nou. Ke peche, dezi, ka kite nou. Ke nou viv yon tèl vi sen konsakre menm jan ak sa, ke lèzòm va wè reflè Jezikri lan nou, e ke mach nou—nou nan lavi ka diy de Levanjil ke nou kwè a. Akòde I, Papa. Epi sanktifye...diven sa kounye a, pou entansyon n ap itilize I la. Lan non Jezikri. Amèn.

Konsekrasyon/Lavman Pye
Cre62-1104E
Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

88 Pou lekti Ekriti a, nan Liv Sen Jan, chapit 13, nou li, n ap kòmanse avèk vèsè 2 chapit 13 la:

² Jezi t'ap manje ak disip li yo jou swa sa a. Satan la te gen tan pran tèt Jida, pitit gason Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi.

³ Jezi te konnen pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou tout bagay.

⁴ Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li.

⁵ Apre sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan.

⁶ Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen?

⁷ Jezi reponn li: Koulye a ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita.

⁸ Pye di li: Non, mwen p'ap janm kite ou lave pye mwen. Jezi reponn li: Si m' pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò.

⁹ Simon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye m' ase pou ou lave. Lave men m' yo tou ansanm ak tèt mwen.

¹⁰ Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l' pwòp. Se pye l' ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou pwòp, men se pa nou tout ki pwòp.

¹¹ (Jezi te konnen ki moun ki tapral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout ki pwòp.)

¹² Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m' sot fè la a?

¹³ Nou rele m' Mèt, nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre.

¹⁴ Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt.

¹⁵ Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.